

# ISWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

**Mèkredi** 22 janvyè 2020 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

**Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.**

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj ti liv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonsè pou w ekri repons pou Pati II, III A ak III B.

**Pati I** an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

**Pati II** a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

**Pati III** a baze sou plizyè dokiman:

**Pati III A** a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan ti liv egzamen sa a sou liy ki vini apre kesyon an.

**Pati III B** a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.


**PA LOUVRI TI LIV EGZAMEN SA A JOUK YO YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.**

## Pati I

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

*Enstriksyon (1–50):* Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Baze sou kat jewografik ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 1.



Sous: Robert A. Divine, et al., *America: Past and Present*, Addison Wesley Longman, 1999 (adapte)

1 Pi fò nan fwontyè nò peyi Etazini te kreye pa trete ant Etazini ak

- |                 |            |
|-----------------|------------|
| (1) Lafrans     | (3) Espay  |
| (2) Grannbretay | (4) Meksik |

2 Nan Amerik kolonyal, jeografi enfliyanse pi dirèkteman

- |                         |                          |
|-------------------------|--------------------------|
| (1) pratik relijye yo   | (3) aktivite ekonomik yo |
| (2) kalifikasyon elektè | (4) estrikti fanmi       |

3 Ekriven Syèk Limyè Ewopeyen yo nan 17yèm ak 18yèm syèk yo tankou John Locke enfliyanse devlopman Amerik kolonyal la pa bay

- (1) jistifikasyon pou legliz leta sipòte yo
- (2) yon defans de komès esklav la
- (3) agiman pou monachi ak rèy pa dwa diven
- (4) lide sou gouvènman endepandan ak dwa politik yo

4 Ki dokiman ki te ankouraje sipò piblik pou deklare endepandans de Grannbretay?

- (1) Plan Inyon nan Albani
- (2) Rezolisyon Virginia ak Kentucky yo
- (3) Lwa Etranje ak Sedisyon yo
- (4) *Bon Sans*

5 Kisa ki te yon gwo siksè gouvènman nasyonal la anba Atik Konfederasyon yo an (1781–1788)?

- (1) devlope yon plan pou admisyon nouvo eta yo
- (2) etabli premye taks sou ekspòtasyon nasyonal la
- (3) peye tout dèt gouvènman yo
- (4) jwenn respè nasyon etranje yo

6 Ki deklarasyon ki ilistre pi byen siyifikasyon federalis?

- (1) Tout sitwayen yo jwi dwa fondamantal libète ekspresyon, laprès, relijyon ak asanble.
- (2) Konstitisyon a delege sèten pouvwa a gouvènman nasyonal la men li rezève lòt pouvwa pou eta yo.
- (3) Konstitisyon a ka chanje pa amannman ratifye pa Kongrè a.
- (4) Chanm Reprezantan an gen pouvwa pou yo akize prezidan an, epi Sena a gen pouvwa pou li fè yon jijman sou akizasyon an.

7 Otè Konstitisyon Etazini etabli yon lejislati ki gen de (2) chanm sitou paske yo

- (1) te vle eta yo kenbe souvèrènte absolü yo
- (2) te rive nan yon konpwomi ant gwo eta yo ak ti eta yo sou reprezantasyon
- (3) te espere febli pouvwa Kongrè a
- (4) te vle kreye yon sistèm jidisyè endepandan eli pa sitwayen yo

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 8 ak 9.

. . . Men gwo sekirite kont kosantrasyon gradyèl de plizyè pouvwa nan menm depatman an, konsiste nan bay moun ki administre chak depatman, mwayen konstitisyonèl nesèsè, ak motif pèsònèl yo, pou reziste anpyetman lòt moun yo. Pwovizyon pou defans dwe, tankou nan tout lòt ka yo, koresponn [korespondan] ak danje atak la. Anbisyon dwe fèt pou debat anbisyon. . . .

— James Madison, *The Federalist No. 51*, 1788

8 Nan pasaj sa a, James Madison ap diskite pou prensip gouvènans lan ki konnen kòm

- (1) sistèm pouvwa ekilibre
- (2) gouvènman reprezantan
- (3) privilèj egzekutif
- (4) souvèrènte popilè

9 Madison te youn nan reprezantan leta ki te ekri atik pou *The Federalist* prensipalman pou

- (1) ankouraje rebelyon kont Britanik yo
- (2) jwen yon solisyon pèmanan nan kesyon esklavaj la
- (3) jwen sipò pou ratifye Konstitisyon Etazini an
- (4) opoze pwoteksyon dwa pwopriete yo nan Konstitisyon Etazini

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 10.

. . . Règleman kondwit enpòtan nou genyen konsènan nasyon etranje yo, lè n ap agrandi relasyon komèsyal nou yo, se pou nou gen mwens koneksyon *politik ke* posib avèk yo. Kidonk, angajman nou gentan genyen yo, n ap kontinye reyalize yo ak tout bòn volonte nou. An nou sispann. . .

— George Washington, Farewell Address, 1796

10 Prezidan George Washington te fè deklarasyon sa a pou reponn a enkyetid yo sou patisipasyon Etazini nan

- (1) efò pou fini komès esklav la nan Afrik de Lwès
- (2) lit pou louvri pò Azyatik pou komès etranje yo
- (3) mouvman endepandans nouvo nasyon Amerik Latin yo
- (4) konfli kontinyèl ant Angletè ak Lafrans

11 Etablisman revizyon jidisy a nan *Marbury v. Madison* (1803) te bay Lakou Siprèm la otorite pou

- (1) akize manm Kongrè yo
- (2) kreye tribinal eta yo
- (3) apwouve trete etranje yo
- (4) deside konstitisyonalitye yo lwa

12 Desizyon Lakou Siprèm yo nan *McCulloch v. Maryland* (1819) ak *Gibbons v. Ogden* (1824) te enpotan paske yo

- (1) te ogmante pouvwa gouvènman federal la
- (2) te agrandi pouvwa prezidan yo
- (3) te ankouraje ekspansyon nan Lwès
- (4) te mete limit sou pwopagasyon esklavaj la

13 Nan ane 1840 ak 1850 yo, imigrasyon nan Etazini te karakterize pa

- (1) gwo kantite imigran ki soti nan Amerik Latin
- (2) opòtinite travay enpòtan pou imigran nan eta sid yo
- (3) yon gwo kantite imigran llandè ak Alman
- (4) akseptans toupatou de imigran pa Ameriken natif-natal yo

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 14.

. . . Kòm politik mwen “sanble ap pouswiv” la jan ou di a, mwen pat vle kite pesòn nan dout.

Mwen ta sove Inyon a. Mwen ta sove li nan fason ki pi kout la anba Konstitisyon an. Pi bonè otorite nasyonal la kapab retabli, pi pre Inyon a pral “Inyon li te ye an.” Si gen moun ki pa ta sove Inyon an, sof si yo ta ka an menm tan *sove* esklavaj, mwen pa dakò avèk yo. Si gen moun ki pa ta sove Inyon an, sof si yo ta ka an menm tan *detwi* esklavaj, mwen pa dakò avèk yo. Objè esansyèl mwen nan lit sa a se pou *sove* Inyon an, e se *pa swa* pou sove oswa pou *detwi* esklavaj. Si mwen te kapab sove Inyon an san yo pa libere *oken* esklav mwen ta fè li, epi si mwen te kapab sove li pa libere *tout* esklav yo mwen ta fè li; epi si mwen te kapab sove li pa libere kèk ak kite lòt yo mwen ta fè sa tou. Sa mwen fè pou esklavaj, ak ras moun koulè yo, mwen kwè ke li ede sove Inyon an; e sa mwen evite, mwen evite paske mwen *pa* kwè ke li tap ede sove Inyon an. Mwen pral fè *mwens* chak fwa mwen kwè ke sa m ap fè a fè koz la mal, e mwen pral fè plis nenpòt lè mwen kwè ke fè *plis* pral ede koz la. Mwen pral eseye korije erè yo lè yo montre mwen ke yo se erè, e mwen pral adopte nouvo opinyon osi vit ke yo parèt tankou de vre opinyon. . . .

— President Abraham Lincoln, Letter to Horace Greeley, August 22, 1862

14 Dapre pasaj la, objektif prensipal Prezidan Abraham Lincoln nan batay Gè Sivil la se te

- (1) avanse ka abolisyonis Nò yo
- (2) itilize nenpòt mwayen ki nesèsè pou sove Inyon an
- (3) pwolonje franchiz la a Afriken Ameriken yo nan lame a
- (4) libere sèlman Afriken Ameriken ki te esklav nan teritwa Konfederasyon yo

15 Ki faktè jeografik ki enfluyans pi dirèkteman kolonizasyon Gran Plèn yo aprè Gè Sivil la?

- (1) forè imans pou bwa
- (2) aksè a kantite abondan lwil
- (3) gwo kantite tè fèm fèttil
- (4) litoral ki long ak pò ki pwofon

16 Ki sa ki te yon (1) rezon ki te fè 14yèm ak 15yèm amannman yo echwe pou yo anpeche plis segregasyon rasyal?

- (1) Pifò abolisyonis Nò yo te opoze a ekstansyon pou dwa sa yo.
- (2) Lakou Siprèm la te refize aksepte ka yo pou entèprete amannman sa yo.
- (3) Repibliken Radikal yo nan Kongrè a te anpeche Afriken Ameriken yo vote.
- (4) Sid la te gen pèmasyon pou pase lwa Jim Crow epi limite dwa vòt yo.

Sèvi ak deklarasyon ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 17 ak 18.

*Oratè A:* Moman imigrasyon san limit la pase kounye a, kontwòl yo nesèsè pou konsève koutim ak valè ki te fè nasyon sa a gran.

*Oratè B:* Pou pwoteje travay sitwayen nou yo, restriksyon dwe mete sou kantite imigran yo.

*Oratè C:* Plis travayè nesèsè. Konsiderasyon ki pi enpòtan an se si yo dispoze travay di.

*Oratè D:* Gen anpil tè ki rete pou abite nan Lwès, e gen anpil plas pou tout moun.

17 Ki de (2) oratè ta gen plis chans pou li te sipòte Lwa Eksklizyon Chinwa (1882) an?

- |            |            |
|------------|------------|
| (1) A ak B | (3) C ak D |
| (2) B ak C | (4) A ak D |

18 Ki oratè ki ta gen plis chans dakò ak pwèn de vi ekonomik pwopriyete gwo biznis yo nan fen ane 1800 yo?

- |       |       |
|-------|-------|
| (1) A | (3) C |
| (2) B | (4) D |

19 Nan fen 19yèm syèk la, ki sa ki te pi gwo objektif la nan devlope “Nouvo Sid la”?

- (1) agrandi baz endistriyèl la
- (2) redwi pwodiksyon tabak la
- (3) ranfòse sendika travay yo
- (4) mete restriksyon sou sipò gouvènman an pou konstriksyon ray tren

20 **“Sena a Vote pou Anèkse Filipin”  
“Etazini Voye Bato de Gè a Panama”  
“Prezidan Roosevelt Ranfòse Doktrin  
Monroe”**

Tit sa yo reflekte transfòmasyon politik etranjè nan Etazini nan yon ki te

- (1) respekte dwa souverèn tout peyi yo
- (2) pratike enperyalis
- (3) pouswiv politik izolasyonis
- (4) opoze akò lib echanj

21 Kisa ki te pi gwo objektif refòm politik ki te adopte pandan Epòk Pwogresif la (1900–1920)?

- (1) agrandi patisipasyon sitwayen nan gouvènman an
- (2) bese laj legal pou vòt a
- (3) dekouraje kreyasyon nouvo pati politik yo
- (4) bay finansman piblik pou kanpay yo

Sèvi ak foto ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 22.

### Tanyè Lanmò



Sous: *The Battle with the Slum*, MacMillan, 1902 (adapte)

22 Travay kiyès ki pi enfluyansè gouvènman eta ak lokal yo adrese kondisyon yo montre nan foto sa a?

- (1) John Muir
- (2) Ida Tarbell
- (3) Frank Norris
- (4) Jacob Riis

23 Lwa sou Enspeksyon Vyan (1906), Lwa sou Manje ak Medikaman Pi yo (1906) ak Lwa Antitwòs Clayton la (1914) te menm jan an paske chak

- (1) te ogmante règleman gouvènman an nan biznis
- (2) te soti de yon politik gouvènman ki an favè-biznis
- (3) te bese tarif yo sou machandiz enpòte yo
- (4) te diminye taks federal sou revni pèsonèl

24 Sistèm Rezèv Federal la, kreye an 1913, pwolonje kontwòl gouvènman an sou sistèm bankè a pa

- (1) bay prè lojman ak konsomatè
- (2) reglemante to enterè yo ak mas monetè a
- (3) mete fin nan pwopriyete prive bank yo
- (4) entèdi prè pou acha mache bousye

Sèvi ak foto ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 25.



Sous: Library of Congress

25 Aksyon tankou sa yo montre nan foto a te ede mennen nan

- (1) defèt Almay nan Premye Gè Mondyal la
- (2) echèk Prezidan Woodrow Wilson pou genyen re-eleksyon
- (3) rejè Etazini kòm manm nan Lig Nasyon yo
- (4) adisyon yon amannman dwa fanm pou yo vòte nan Konstitisyon Etazini an

26 Ki tèm de ane 1920 yo, ki pi asosye avèk Duke Ellington ak Langston Hughes?

- (1) Jenerasyon Pèdi
- (2) Laperèz Wouj
- (3) Eskandal Teapot Dome
- (4) Renesans Alèm

27 Politik ekonomik federal yo pandan ane 1920 yo te kontibye a kòmansman Lagrann Depresyon an pa

- (1) mank kontwòl tranzaksyon mache bousye yo
- (2) adopsyon bidjè federal ak gwo defisi yo
- (3) bese tarif pwoteksyon yo
- (4) abolisyon taks sou revni antrepriz yo

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 28.

. . . Men, nan ka kote Kongrè a pa rive pran youn nan de (2) posibilite sa yo, e nan ka kote ijans nasyonal la toujou nan yon nivo kritik, mwen pap janm kouri pou responsabilite k ap vin jwenn mwen. M ap mande Kongrè a pou sèl enstriman ki rete pou reponn a sitiyaasyon kriz la—gwo pouvwa Egzekitif pou deklare lagè kont ijans lan, yon pouvwa ki osi gwo ke sa nou t ap ban mwen an si yon ènmi etranje te anvayi nou tout bon vre ki te. . . .

— President Franklin D. Roosevelt,  
First Inaugural Address, March 4, 1933

28 Prezidan Franklin D. Roosevelt te fè fas ak ijans ki refere nan diskou li a sitou pa

- (1) soumèt pwoblèm yo a Lakou Siprèm la
- (2) konte sou gouvènman eta ak lokal yo pou regle sitiyaasyon an
- (3) pran sipò kongrè a pou pwogram li yo
- (4) mande lòt peyi yo asistans finansyè

29 Objektif prensipal Lwa Ajisteman Agrikòl (Agricultural Adjustment Act, AAA) la se te

- (1) mete fen a gaspiyaj finansman pwojè irigasyon yo
- (2) ogmante efò eksportasyon grenn
- (3) ankouraje plis mekanizasyon fèm yo
- (4) estabilize pri agrikòl pa diminye kantite rekolt an sipli yo

Sèvi ak powèm ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 30.

. . . Nap tounen lè gen lapli,  
yo di,  
pandan y ap ranje somye ak matla yo,  
fou yo ak asyèt yo,  
tab kwizin yo,  
ak kabrit lèt yo  
ki mare nan machpye yo  
nan kaj ki pa solid,  
ap pare pou  
Kalifoni,  
kote menm si yo di ke yo pral tounen,  
yo ka jis rete  
si sa yo tandè sou kote sa a se vre. . . .

— Karen Hesse, *Out of the Dust*, April 1935

30 Ki sa ki rezon prensipal la pou migrasyon ki dekri nan powèm sa a?

- (1) Fèm yo te resevwa tè fèttil, bon mache nan Lwès la.
- (2) Yon sechrès pwolonje nan plenn yo te fòse fèm yo chèche pi bon kondisyon nan Lwès la.
- (3) Travay fabrikasyon nan Kalifoni peye salè ki wo.
- (4) Afriken Ameriken te kite Sid la pou evite diskriminasyon.

Sèvi ak desen ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 31 la.

### O, SE KALITE MAREN SA A LI YE



Sous: J. N. "Ding" Darling, *Bridgeport Telegram*, March 29, 1937 (adapte)

31 Desen sa a sijere ke Kongrè kwè pwopozisyon Prezidan Franklin D. Roosevelt la konsènan Lakou Siprèm lan te menase Konstitisyon Etazini pa

- (1) febli sistèm federalis la
- (2) inyore pwosesis amannman an
- (3) mete an danje prensip separasyon pouvwa yo
- (4) vyole kloz elastik la

32 Pandan ane 1930 yo pi gwo objektif politik etranjè Kongrè Etazini a te

- (1) evite erè politik etranjè ki te lakòz patisipasyon nan Premye Gè Mondyal la
- (2) mete fen a Politik Bon Vwazen an
- (3) ogmante gwosè fòs ame yo
- (4) ranfòse sipò pou Nouvo Lòd Japon an Azi

33 Rezon prensipal Prezidan Harry Truman te pran desizyon pou itilize bonm atomik yo sou Hiroshima ak Nagasaki se te pou

- (1) sove lavi Ameriken pa evite envazyon nan Japon
- (2) detwi tout militè Japonè nan Sidès Azi
- (3) pèmèt Etazini defèt Almay
- (4) kanpe envazyon Japonè a nan Inyon Sovyetik

34 Òganize pon ayeryen Berlin an, mete en aplikason Plan Marshall la, ak batay Lagè Koreyen an te evènman ki rive byen bonè nan politik Etazini de

- (1) enperyalis
- (2) kont ekspansyon
- (3) izolasyonis
- (4) netralite

35 Nan fen lane 1940 yo, seans pa Komite Chanm lan sou Aktivite ki Pa-Ameriken ak itilizasyon sèman lwayote yo montre enkyetid yo sou

- (1) enpak grèv sendika yo sou ekonomi an
- (2) patisipasyon Etazini nan Òganizasyon Trete Nò Atlantik (OTAN)
- (3) desegregasyon lame a
- (4) enflyans komini nan gouvènman federal la

36 Lagè Koreyen (1950–1953) an se te premye lagè kote Etazini

- (1) te voye twoup pou goumen sou tè etranje
- (2) te reponn a yon atak sou tè li yo
- (3) te goumen kòm yon manm nan fòs Nasyonzi
- (4) te fòme yon alyans ak teritwa kontinatal Lachin



Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 37.

. . . Finalman, ou gen konsiderasyon pi laj ki ta ka swiv sa ou ta rele prensip “domino ap tombe”. Ou gen yon ranje domino ke ou mete kanpe, ou frape sou premye a, epi sa ki pral rive denye a se sètitud ke li pral pase trè vit. Konsa ou ka gen yon kòmansman dezentegrasyon ki ta gen enflyans ki byen pi pwofon. . . .

— President Dwight D. Eisenhower, April 7, 1954

37 Ki aksyon ki pi asosye ak enkyetid politik etranjè eksprime pa Prezidan Dwight D. Eisenhower nan pasaj sa a?

- (1) otorize vol U-2 sou Inyon Sovyetik
- (2) ogmante patisipasyon Etazini nan Vyetnam
- (3) ranvèse diktati militè nan Amerik Santral
- (4) defann peyi ki pwodwi lwil nan Mwayen Oryan

38 Aksyon Jackie Robinson, Rosa Parks, ak Malcolm X te ede konsantre atansyon nasyonal la sou bezwen pou refòm nan

- (1) pwoteksyon anviwònmanal
- (2) prevansyon krim
- (3) edikasyon piblik
- (4) dwa sivil yo

39 Ki deklarasyon ki pi byen dekri yon rezilta kriz misil Kiben 1962 an?

- (1) Yo te retire lidè kominis Kiba yo nan pòs yo.
- (2) Etazini te ranfòse lyen li ak Kiba.
- (3) Lagè nikleyè ak Inyon Sovyetik te evite.
- (4) Defans militè Etazinite te redwi siyifikativman.

40 *Mapp v. Ohio* (1961), *Gideon v. Wainwright* (1963), ak *Miranda v. Arizona* (1966) se tout desizyon Lakou Siprèm ki ranfòse dwa endividyèl pa

- (1) ogmante pwoteksyon pou moun yo te akize de krim yo
- (2) elimine restriksyon sou posasyon zam
- (3) ranvèse lwa segregasyon rasyal
- (4) ankouraje pi gwo patisipasyon elektè nan gouvènman an

41 Prezidan Richard Nixon te chwazi bay demisyon de prezidans la sitou paske li te patisipe nan

- (1) bonbadman sekrè nan Kanbodj
- (2) akselerasyon vyolans nan Lagè Vyetnam lan
- (3) eskandal Watergate
- (4) aplikasyon kontwòl pri salè yo

42 Nan *Tinker v. Des Moines School District* (1969) ak nan *New Jersey v. T.L.O.* (1985), Lakou Siprèm Etazini te adrese


- (1) pwoblèm egalite ant sèks nan aktivite atletik lekòl yo
- (2) resitasyon priyè nan lekòl piblik yo
- (3) pouvwa otorite lekòlyo pou yo detèmine kourikoulòm lan
- (4) dwa libète lapawòl ak konfidansyalite elèv yo nan lekòl yo

43 Rezilta eleksyon Bush-Gore lane 2000 la te renouvle deba a sou

- (1) limit tèm pou ofisyèl eli yo
- (2) sistèm kolèj elektoral la
- (3) itilizasyon prezidansyèl pouvwa veto a
- (4) entèpretasyon lach kont strik de Konstitisyon an



Sèvi ak tablo ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 45.



Sous: *USA Today*, February 4, 2013  
(adapte)

- 45 Ki pwogram gouvènman ki pral afekte pi direkteman pa tandans ki montre sou tablo sa a?
- (1) depans defans
  - (2) refòm imigrasyon
  - (3) Head Start ak konstriksyon lekòl
  - (4) Medicare ak Sekirite Sosyal

- 46 **“Maryaj-Menm Sèks Konfime pa Lakou Siprèm”**  
**“47% de Timoun Viv Ak Yon Paran”**  
**“Se Fi ki gen Majorite Diplòm Kolèj Kounye a ”**

Yon konklizyon ki ka dedwi dirèkteman de tit sa yo se ke

- (1) plis moun ap retade maryaj a yon laj ki pi ta
- (2) chanjman legal ak sosyal ap afekte inite fanmi a
- (3) wòl fi pa chanje anpil nan deseni ki sot pase a
- (4) majorite koup marye yo pa gen timoun

- 47 Ki deklarasyon ki reflète yon gwo tandans transpò nan peryòd apre Dezyèm Gè Mondyal la?

- (1) Ray tren transkontinantal yo te devlope.
- (2) Itilizasyon kanal yo pou deplase machandiz ogmante.
- (3) Itilizasyon otomobil la ogmante dramatikman.
- (4) Vwayaj aeryen diminye anpil.

- 48 Yon jan ke Doktrin Truman lan ak Doktrin Eisenhower a sanble se ke tou de (2)

- (1) te ofri èd a peyi menase pa kominis
- (2) te eseye kreye yon pi bon relasyon ak Lachin
- (3) te eseye amelyore relasyon yo avèk Inyon Sovyetik
- (4) te retounen Etazini a yon politik etranjè izolasyonis

- 49 Pwogram Prezidan Lyndon B. Johnson sou Lagè sou Povrete te gen objektif ki te pi sanble ak pwogram

- (1) Eskwèdil Theodore Roosevelt yo
- (2) Nouvo Libète Woodrow Wilson yo
- (3) Nouvo Kontra Franklin D. Roosevelt yo
- (4) Nouvo Federalis Ronald Regan yo

- 50 Ki pè sitiyasyon ekonomik ke tou de (2) Prezidan Franklin D. Roosevelt ak Prezidan Barack Obama te fè fas pandan 100 premye jou nan administrasyon yo?

- (1) legalizasyon ant bwason ki gen alkòl ak lwa antitwòs yo
- (2) nivo eleve chomaj ak echèk nan sistèm bankè a
- (3) finansman lagè lòt bò dlo ak sovegade endistri otomobil la
- (4) modifiye estanda lò a epi ogmante èd federal la pou edikasyon

**Paj sa a rete vid toutespre.**

**Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan ti liv redaksyon apa a.**

**Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:**

- (a) **eksplike** vle di “pou fè yon bagay vin senp ak fason pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezonman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

## **Pati II**

### **KESYON REDAKSYON TEMATIK**

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

#### **Tèm: Politik Etranjè**

Atravè istwa Etazini, gouvènman an pran aksyon politik etranjè ki te lakòz diferans nan opinyon nan mitan pèp Ameriken an. Aksyon sa yo te gen enpak sou Etazini ak sou lòt peyi ak rejyon.

#### **Sa pou fè:**

Chwazi **de (2)** aksyon politik etranjè ki te lakòz dezakò nan mitan pèp Ameriken an epi pou **chak**

- Eksplike pwen de vi moun ki te *sipòte* aksyon politik etranjè a
- Eksplike pwen de vi moun ki te *opoze* aksyon politik etranjè a
- Diskite sou enpak aksyon an sou Etazini **ak/oswa** yon lòt peyi oswa rejyon

Ou ka itilize nenpòt ki aksyon politik etranjè ki te lakòz dezakò nan mitan pèp Ameriken an. Kèk sijesyon ou ta ka vle konsidere enkli acha Louisiana (1803), deklarasyon lagè kont Meksik (1846), acha Alaska (1867), anekse Filipin (1899), kenbe netralite nan Premye Gè Mondyal la (1914–1917), bay èd Prè-Afèmaj nan Grannbretay (1941), voye twoup yo nan Vyetnam (1964–1973), ratifye akò Lib Echanj Nò Ameriken an (1993), ak aplikasyon Operasyon Libète Irakyen (2003).

**Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.**

#### **Gid:**

**Nan redaksyon ou, asire ou:**

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

## Pati III

## KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

**Kontèks Istorik:**

A travè istwa Etazini, endividi te pran aksyon pou adrese pwoblèm politik, ekonomik, ak sosyal okèl nasyon an t ap fè fas. Aksyon sa yo te gen yon enpak sou Etazini ak sou sosyete Ameriken lan. Twa (3) nan endividi sa yo enkli *Jane Addams*, *Eleanor Roosevelt*, ak *Thurgood Marshall*.

**Sa pou fè:** Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi *de* (2) endividi ki mansyone nan kontèks istorik la epi pou yo *chak*

- Dekri kondisyon ki te mennen endividi a pou pran aksyon
- Diskite enpak aksyon endividi a te genyen sou Etazini ak/oswa sosyete Ameriken an

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezonman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

*Enstriksyon:* Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1

. . . Mouvman ant kominotè sosyal Ameriken an te kòmanse nan fen 19yèm syèk la. Revolisyon Endistriyèl la; pwogrè dramatik nan teknoloji, transpò, ak kominikasyon; ak yon afliyan nan imigran yo te koze yon gwoisman siyifikatif popilasyon an nan zòn iben yo. Bidonvil parèt kote fanmi yo te rete nan lojman ki te gen anpil moun e ki pat sanitè. Swen sante pat egziste, maladi te tou patou. Pat gen anpil lekòl, epi yo te voye timoun yo travay nan faktori. . . .

Anplis de sa, mouvman an te konsantre sou refòm atravè jistis sosyal. Travayè koloni yo ak lòt vwazen yo te pyone nan batay kont diskriminasyon rasyal. Efò defans yo te kontribye tou nan lejislasyon pwogresif sou lojman, travay timoun, kondisyon travay ak sante ak sanitasyon. . . .

Sous: "History of the Settlement House Movement," Alliance for Strong Families and Communities

1 Selon dokiman sa a, endike **yon** (1) kondisyon ki te mennen a mouvman sant kominotè. [1]

Score

## Dokiman 2a

. . . Li fasil pou menm sitwayen ki gen plis konsyans lan nan Chikago bliye move odè pak bèt ak depo fatra yo, lè li ap viv tèlman lwen yo ke se sèlman detanzantan li pran konsyans de egzistans yo mè moun ki abite nan Lojman Soyol yo fòse [pa nesosite] konstaman antoure de yo. Pandan twa (3) premye ane nou sou Halsted Street, nou te etabli yon ti ensineratè [boule fatra] nan Hull-House epi anpil fwa nou te rapòte move kondisyon [difisil] pawas la nan Meri a. Nou te oganize plizyè chita pale tou pou imigran yo, an montran byenke yon fanm ka bale pwòp papòt li nan vilaj natif natal li epi pèmèt refi fatra yo inosaman pouri nan lè lib ak solèy, nan yon katye ki gen twòp moun, si fatra a pa byen ranmase epi detwi, yon manman nan yon lojman kolektif gen dwa wè pitit li vin malad epi mouri, epi imigran you dwe poutèt sa, non sèlman kenbe kay yo pwòp , men fòk yo ede otorite yo kenbe vil la pwòp tou. . . .

Sous: Jane Addams, *Twenty Years at Hull-House*, University of Illinois Press

## Dokiman 2b

### Premye yo pou Hull-House

- Premye Lojman Soyol la nan Chikago
- Premye lakou rekreyasyon piblik nan Chikago ki etabli
- Premye klas preparasyon sitwayènte ki te etabli nan Etazini
- Premye kou ekstansyon kolèj ki te etabli nan Chikago
- Inisye investigasyon pou premye fwa nan Chikago sou absanteyis, lafyèv tifoyid, kokayin, lekti timoun, ti gason k ap vann journal yo, sanitasyon, tibèkiloz, fanm saj, mòtalite enfantil, valè sosyal saloun la
- Inisye investigasyon ki te mennen a kreyasyon ak adopsyon premye lwa faktori yo nan Illinois
- Inisye investigasyon ki te mennen a kreyasyon premye modèl kòd lojman kolektif
- Premye enspektè faktori nan Illinois residan Hull-House Florence Kelley

Sous: Jean Bethke Elshtain, *Jane Addams and the Dream of American Democracy: A Life*, Basic Books, 2002 (adapte)

2 Selon dokiman sa yo, endike **de** (2) jan ke Hull-House te tante amelyore kondisyon yo nan Chikago. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score



### Dokiman 3

Pou 150èm anivèsè nesans Jane Addams la, Louise Knight te ekri yon liv pou selebre lespri refòm Addams la. Knight endike nan prefas liv la:

. . . Liv sa a se istwa kòman Jane Adams (1860–1935) fè jisteman sa—kijan li te de pli zan pli panse pou tèt li, lage pwòp lespri pa li, epi, kijan travay ak lòt moun, akonpli bagay remakab. Li te kofondatè Hull-House, premye sant kominotè nasyon an (ak youn nan premye òganizasyon san bi likratif ki baze nan kominote) nan Chikago, ak le tan vin youn nan lidè refòm ki pi efikas nan peyi a, ak otan enfluyans nan jou pa li yo sou sèn nasyonal ak nan lemond tankou Eleanor Roosevelt te nan tan pa l. Li te travay pou mete fin a travay timoun, sipòte sendika ak dwa travayè yo, pwoteje libète lapawòl ak dwa sivil yo, respekte tout kilti, reyalize vòt fanm ak libète fanm lan, ak ankouraje kondisyon ki nouri potansyèl imen, e poutèt sa, li te kwè, difizyon lapè. Li te sèvi nan komite fondatè Asosyasyon Nasyonal Pou Avansman Moun Koulè yo ak Sendika Libète Sivil Ameriken la, te avize chak prezidan de William McKinley a Franklin Delano Roosevelt, ekri dis (10) liv, bay dè santèn de diskou, epi te youn nan pi gwo fanm peyi Ameriken a te janm pwodui. Efektivman, an 1912—uit (8) ane anvan amannman federal la ki te bay fanm yo dwa de vòt te vin yon lwa—te gen diskisyon ak espwa pou li te prezante li pou la prezidans. Pou dènye tyè lavi li, kòm prezidan fondatè Lig Entènasyonal Fanm pou Lapè ak Libète, yo te konnen atravè lemond kòm yon defansè pou lapè ak fanm, epi an 1931 li te resevwa Pri Nobèl pou Lapè a. . . .

Sous: Louise W. Knight, *Jane Addams: Spirit in Action*, W. W. Norton & Company, 2010

3 Dapre Louise W. Knight, kisa ki se **yon** (1) enpak travay Jane Addams? [1]

Score

## Dokiman 4

. . . Nan kòmansman premye manda mari li [Eleanor Roosevelt], li te vin klè ke sa se te yon nouvo kalite premyè dam—paske li tap re-envante tèt li. Alòske li pran konèsans de yon pakèt pwoblèm ijant, li te byen vit dekouvri ke li te gen yon nouvo pouvwa. Lwen de yon prizonyè nan Mezon Blanch lan, k ap vèse te pou anbasadè yo, Eleanor te sanble toupatou a la fwa. Jis nan ale nan yon konte oswa mennen ankèt sou yon pwoblèm li te kapab mete rega ak pibilite nan tout nasyon an. Li te fè yon vizit nan koridò Washington yo pou pibliye kondisyon bidonvil yo. Nan reyalizasyon ke pwogram Nouvo Kontra yo te oryante pou gason, li goumen pou “fanm yo te bliye yo”, li te travay ak Harry Hopkins pou mete sou pye yon divizyon pou fanm nan Administrasyon Travay Sivil (Civil Works Administration, CWA), bay, nan fen 1933, CWA 100,000 travay pou fanm yo. Lè li tande ke kiltivatè tap touye ti kochon yo, li te entèveni ak administratè Lwa Ajisteman Agrikòl (Agricultural Adjustment Act, AAA) pou mande pou yo bay sipli manje a moun ki grangou yo; li te fè kou epi li te ekri atik; li te ede kòmanse yon kan tip CCC pou jèn fanm ki pa gen travay; li te bay yon kou sivik nan Lig Jinyò New York; epi li te kontinyèlman—ak efektivman—pouse mari li pou li nonmen fanm nan gwo pòs nan gouvènman an. . . .

Sous: James MacGregor Burns and Susan Dunn,  
*The Three Roosevelts: Patrician Leaders Who Transformed America*,  
Atlantic Monthly Press, 2001

- 4 Dapre James MacGregor Burns ak Susan Dunn, endike **yon** (1) mwayen ke Eleanor Roosevelt te eseye amelyore kondisyon yo nan sosyete a. [1]

---

---

Score

## Dokiman 5

. . . Pozisyon Eleanor Roosevelt sou dwa sivil yo, ensistans li ke Amerik pat kapab goumen kont rasis aletranje pandan yo t ap tolere li lakay yo, rete youn (1) nan moman ki afime nan istwa popilasyon sivil nasyon ki t ap batay nan lagè a. Menm si li te nayif sou anpil aspè nan pwoblèm rasyal la, li te byen pi lwen devan prezidan an ak epòk la nan konpreyansyon li ke enstalasyon separe men egal pat ase, lefèt ke segregasyon pou tèt pa li te andikape lavi popilasyon Nwa [Afriken Ameriken] an . . .

Plis ke pesòn nan Mezon Blanch la, Eleanor te responsab, atravè presyon san relach sou ofisyèl Depatman Lagè yo, pou emisyon direktiv yo ki te entèdi deziyasyon zòn lwazi pa ras e te fè ke te gen disponiblite otobis ki te apteni epi opere pa gouvènman a tout solda yo kèlkeswa ras yo. Nan fen lagè a, sèlman yon sèl gwo etap te nesesè pou asire egalite pou solda Nwa yo, epi etap sa ta vini an 1948, lè Prezidan Truman bay Lòd Egzekitif 9981, ki mete fen nan segregasyon nan fòs lame yo. . . .

Sous: Doris Kearns Goodwin, *No Ordinary Time, Franklin and Eleanor Roosevelt: The Home Front in World War II*, Simon & Schuster, 1994

5a Dapre Doris Kearns Goodwin, endike **yon** (1) kondisyon ki te mennen Eleanor Roosevelt pou pran aksyon sou dwa sivil yo. [1]

---

---

Score

b Dapre Doris Kearns Goodwin, endike **yon** (1) enpak Eleanor Roosevelt te genyen sou dwa sivil yo. [1]

---

---

Score

## Dokiman 6a

. . . Konvenki ke Amerik te “epaye pou yon rezon” de destriksyon ke lagè a te fè sou lòt nasyon yo, ER [Eleanor Roosevelt] te sezi tout mwayen ki te dispobib—kolòn, diskou, konvesasyon prive, emisyon radyo, nouvèl ak korespondans—pou pouse Ameriken yo rekonèt ki sa ki anje epi pou asime tou de (2) responsabilite ak pri finansye a nan lidèchip nan lemonn. Avèk anpil zèl li repete ke Ameriken dwe konpran ke “ou pa kapab viv pou tèt ou sèlman. Ou depann de rès mond lan epi tout rès mond lan depann de ou.” Deba Nasyonzini sou kriz refijye yo, Konvansyon Geneva, enèji atomik, kontwòl zam yo, fòs lapè pwopoze pa Nasyonzini an, kreyasyon Izrayèl, aplikasyon apated la, kraze kolonyalis lan, ak dwa fanm te souliyen pou ER bezwen ijan pou Amerik aksepte koneksyon li ak rès mond lan—ak kouman pataje yon vizyon ka enpòtan pou simonte yon eritaj boulvèsan de lagè a. . . .

Sous: Allida Black, Introduction to *Tomorrow is Now*, by Eleanor Roosevelt, Penguin Books, 2012 (adapte)

6a Selon dokiman sa a, endike **yon** (1) rezon ki fè ke Eleanor Roosevelt te mande Ameriken yo pou yo aksepte wòl lidèchip mond lan. [1]

---

---

Score

## Dokiman 6b

Eleanor Roosevelt te prezide Komisyon Dwa Moun Nasyonzini an epi te yon enfliyans enpòtan nan kreyasyon Deklarasyon Inivèsèl sou Dwa Moun yo.



Sous: Joseph P. Lash, *“Life Was Meant to Be Lived”*:  
*A Centenary Portrait of Eleanor Roosevelt*,  
W. W. Norton & Company, 1984

6b Selon dokiman sa a, endike **youn** (1) nan aksyon Eleanor Roosevelt te pran pou avanse kòz dwa moun yo. [1]

---

---

Score

**Paj sa a rete vid toutespre.**

## Dokiman 7

. . . Malerezman efè segregasyon nan edikasyon pa izole pou etid pa syantis sosyal yo. Yo te fè fas ak tout pwoblèm segregasyon an, diskriminasyon ak prejije, epi byenke pa gen okenn syantis sosyal ki ka di ke segregasyon lekòl kapab pou kont li bay Nwa a [Afriken Ameriken] santiman de ensekirite, rayi pwop tèt yo, afebli ego li, fè li santi li enferyè ak defòmè pèspektiv li sou la vi, men pou timoun nan lekòl la bay kontak ki pi enpòtan ak sosyete òganize. Sa li aprann, santi, ak ki jan li afekte ta dwe detèmine ki kalite granmoun lap ye. Syantis sosyal yo te jwenn ke timoun yo depi yon jèn laj afekte epi reyaji a diskriminasyon ak prejije. Se konsa yo te dakò ke yo byen konkli ke lekòl seprege yo, petèt pi plis pase nenpòt ki lòt faktè, se pi gwo enkyetid pou moun sa yo ki gen laj lekòl eki kontribye anpil a devlopman malsen ak malere pèsonalite Nwa yo ki te pwodwi pa sistèm kast koulè nan Etazini an. . . .

Sous: Mark V. Tushnet, ed., *Thurgood Marshall: His Speeches, Writings, Arguments, Opinions, and Reminiscences*, Lawrence Hill Books, 2001

7 Dapre Thurgood Marshall, kisa ki se **yon** (1) efè segregasyon lekòl sou Afriken Ameriken yo? [1]

Score

## Dokiman 8a

Sa se yon ekstrè agiman Thurgood Marshall la nan Lakou Siprèm Etazini nan ka *Brown v. Board of Education*.

. . . Menm timoun sa yo nan Virginia ak South Carolina—e mwen te wè yo fè li—yo jwe nan lari ansanm, yo jwe sou fèm yo ansanm, yo desann wout la ansanm, yo separe pou yo ale lekòl, yo sot lekòl epi yo jwe ansanm. Yo oblije separe nan lekòl la. . . .

Yo pa ka retire ras nan ka sa a. Depi jou ke yo te depoze ka sa a jiska moman sa a, pèsonn pa gen okenn fòm oswa jan, malgre lefèt ke mwen te fè li klè nan agiman ouvèti a ke mwen te konte sou li, fè anyen pou distenge lwa sa nan Kòd Nwa yo, kote yo dwe admèt paske pèsòn paka dispite, di anyen ke nenpòt moun vle di, yon fason oswa lòt, Katòzyèm Amannman an te gen entansyon anpeche eta yo gen pouvwa pou ranfòse Kòd Nwa yo oswa nenpòt lòt bagay ki tankou li. . . .

Sèl bagay ki kapab yon detèminasyon fundamental ke moun ki te fòmèlman nan esklavaj, kèlkeswa nenpòt lòt bagay, dwe kenbe pi pre de sèn sa a ke posibil, e kounye a se moman an, nou soumèt, ke tribinal sa a dwe fè li klè ke se pa pou sa ke Konstitisyon nou an ye. . . .

Sous: Josh Gottheimer, ed., *Ripples of Hope: Great American Civil Rights Speeches*, Basic Civitas Books, 2003

8a Daprè ekstrè sa a, endike **yon** (1) rezon ki fè ke Thurgood Marshall te opoze a lekòl segrege yo. [1]

Score




## Dokiman 8b

Nan *Brown v. Board of Education* Lakou Siprèm la te deside ke desegregasyon lekòl yo ta dwe kontinye “ak tout vitès delibereman.”



George E. C. Hayes, Thurgood Marshall, ak James M. Nabrit Jr. nan foto sa ap felisite youn lòt devan Lakou Siprèm la le 17 me 1954, apre yo fin tande desizyon inanim tribinal la nan ka *Brown* la.

Sous: Library of Congress (adapte)



Sous: *Baltimore Afro-American*, July 2, 1955

8b Selon dokiman sa yo, kisa ki se **yon** (1) enpak travay legal Thurgood Marshall? [1]

Score

## Dokiman 9

. . . Reyalizasyon etandi sijè ki abòde pa Marshall nan lwa Ameriken, sepandan, te pi laj ke mouvman Ameriken nwa dwa sivil la. Tout agiman li yo te pale de dwa endividyèl pou tout moun. Pwoteksyon pou Ameriken nwa yo oswa tout lòt minorite, nan vizyon Marshall, te yon fonksyon entanjibl [entouchabl] konstitisyonèl de prensip endividi yo. Lè Marshall te pale de fiti nasyon a, li te pèdi ke lè lalwa mete nwa ak blan sou yon nivo egal, diskriminasyon rasyal ta dwe koule nan yon lanmè pi gwo pwoteksyon pou endividi yo. Tankou Marshall te di yon fwa, Ameriken nwa yo pa manm ras Nwa a [Afriken Ameriken] men endividi ras imen lan. . . .

Sou ka ki gen rapò ak desegregasyon lekòl la ak aksyon afimatif, Jij Marshall tou mete opinyon li kòm deklarasyon de dwa endividyèl yo, pa tou senpleman yon rekou kolektif pou moun ki nwa. Pa egzanp, sipò li pou ke otobis sevi pou entegrasyon lekòl, menm nan tout limit jiridiksyonèl, te baze sou bezwen pou pwoteje dwa timoun endividyèl yo a ki yo te refize aksè a pi bon lekòl yo. E li te wè aksyon afimatif kòm yon kesyon de dwa endividyèl pou Ameriken nwa, moun ki viktim diskriminasyon ki bezwen aksyon korektiv pou resi antye. . . .

Sous: Juan Williams, *Thurgood Marshall: American Revolutionary*, Random House, 1998

9 Dapre Juan Williams, kisa ki te **yon** (1) jan Thurgood Marshall te sipòte dwa endividyèl pou tout moun? [1]

Score

## Pati B Redaksyon

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv nan *omwen kat (4)* dokiman nan devlopman redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanzp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

### Kontèks Istorik:

A travè istwa Etazini, endividi te pran aksyon pou adrese pwoblèm politik, ekonomik, ak sosyal okèl nasyon an t ap fè fas. Aksyon sa yo te gen yon enpak sou Etazini ak sou sosyete Ameriken lan. Twa (3) nan endividi sa yo enkli **Jane Addams**, **Eleanor Roosevelt**, ak **Thurgood Marshall**.

**Sa pou fè:** Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi **de (2)** endividi ki mansyone nan kontèks istorik la epi pou yo **chak**

- Dekri kondisyon ki te mennen endividi a pou pran aksyon
- Diskite enpak aksyon endividi a te genyen sou Etazini ak/oswa sosyete Ameriken an

### Gid:

#### Nan redaksyon ou, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Pou *chak* endividi, dekri *omwen de (2)* kondisyon ki te fè moun sa a pran aksyon
- Mete enfòmasyon ki soti nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanzp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

